*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№69 (26042)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 19 апрель — хуымгæнæны мæйы 19 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ÆХСЫЗГОН ФЕМБÆЛД "Туркæй Теркмæ..."
3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ
4 ПАРТИОН АРХАЙД Музейты конкурс

**Нысантæ**

# Уæлахизы бонмæ

**Ацы аз нæ бæстæ бæрæг кæны Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 79 азы. Цæгат Ирыстон йæхи цæттæ кæны 9 Май сбæрæг кæнынмæ. Республикон комитет «Уæлахиз»-ы уынаффæйæ фидаргонд æрцыдысты бæрæгбоны мадзæлттæ, комитетæн разамынд дæтты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**



Мадзæлтты пъланмæ бахастæуыд регионалон ахадындзинадимæ 90 алыхуызон хъуыддаджы. А уалдзæг æппæт республикæйы бавнæлдтой æфсымæрон ингæнтæ, зæрдылдарæн бынæттæм базилынмæ, уæдæ федералон программæмæ гæсгæ цæуынц цалцæджы-сногкæнынты куыстытæ. Апрелы кæрон æфсады службæйы агъоммæ фæсивæдæн скæндзысты спартакиадæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы хъæппæрисæй скæндзысты акци «Сæ цæсгæмттæм сын бакæс». Республикæйы æппæт рекламон фæзуæттыл равæрдзысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты хуызистытæ. Хæсты ветерантæ бæрæгбонмæ райсдзысты иухаттон æхцайы æххуыс æмæ республикæйы Сæргълæууæджы Арфæйы фыстæджытæ. «Æрджынарæджы кулдуар»-ы цурмæ 4 майы æрæмбырд уыдзысты сабырдзинадимæ баст автодугъы архайджытæ, скæндзысты митинг Уæлахизы боны кадæн.

Национ музейы 5 майы уыдзæн «Ирыстоны нывгæнджытæ хæсты тыххæй»-йы равдыст, рæгъмæ рахæсдзысты хæсты заман фыст нывтæ. Намысы Мемориалы 8 майы уыдзæн хæстон зарæджы концерт. Уæлахизы боны агъоммæ æппæт цыртдзæвæнты, мемориалты, æфсымæрон ингæнты цур скæндзысты зæрдылдарæн хъуыддæгтæ, сæвæрдзысты дидинджытæ, дидинджыты бæстытæ.

Дзæуджыхъæуы 9 Майы уыдзæн хæстон парад, Сæрибары фæзыл ацæудзысты хæстонтæ, суворовонтæ, уый фæстæ та – «Æнæмæлгæ полкъ»-ы адæмон рацыд. Уыцы бон РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло скæндзæн кадддджын фембæлд ветерантимæ. Изæры, 19 сахатыл Ленины фæзыл уыдзæн бæрæгбоны концерт.

Иннæ мадзæлттæ, нысантæ дæр æххæстгонд æрцæудзысты.

**РЦИ-Алнийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Парламенты советæй**

# Гæнæнтæ алкæддæр вæййынц фылдæр

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Депутаттæ æркастысты æмæ равзæрстой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст федералон æмæ республикон закъонты проекттæ æмæ Уæрæсейы Федерацийы иуæй-иу субъектты закъонæвæрынадон хъæппæристæ.

Депутаттæ байхъуыстой «Социалон къабазы (æнæниздзинад хъахъхъæнынады, ахуырады, культурæ æмæ социалон æфсисады) цы товартæ, куыстытæ æмæ лæггадтæ хъæуынц, уыдон æлхæнын æмæ сæ æххæст кæныны тыххæй 2022 азы æмæ 2023 азы дæс мæймæ цы фæрæзтæ æрвыст æрцыд, уыдоны аудит æмæ сæ хæдзардзинæй хардз кæныны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Цæстдарæн-нымайæн палатæ цы экспертон-аналитикон мадзæлттæ саразта, уыцы бæрæггæнæнты тыххæй хъусынгæнинагмæ. Раныхасгæнæг уыд Цæстдарæн-нымайæн палатæйы разамонæджы хæдивæг **Бекъойты Хъазыбег**. Уый бæлвырд æрдзырдта, ранымад социалон къабæзты контракттæ 2022 азы æмæ 2023 азы дæс мæймæ куыд æмæ цавæр уагæвæрдтæм фыст цыдысты, алы къабазы дæр уыцы рæстæгмæ цал уыдысты, æппæт уыдæтты тыххæй. Уымæй уæлдай, бафиппайдта, цæстдарæн мадзæлтты фæрцы кæй рабæрæг сты, административон æгъдауæй бафхæринаг чи у, ахæм барадхæлдтытæ: ахуырады къабазы – 13 цауы, культурæйы къабазы – 5, социалон æгъдауæй лæггадгæнæг къабазы – 15 æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады – 64 цауы. «Афтæмæй паддзахадон нысаниуæджы æлхæнинæгты къабазы хæрдзтæй нодджы хæдзардзиндæрæй пайда кæнын социалон кусæндæттæн раздæрау у ахсджиаг хъуыддаг», – загъта раныхасгæнæг.

Тускъаты Таймураз куыд бафиппайдта, афтæмæй, къухы цас бафтыд, гæнæнтæ уымæй сты ноджы фылдæр. Æмæ, фæстауæрц кæнгæйæ, уыцы гæнæнтæй раст пайда кæнын алкæмæн дæр у фыццаградон хæс.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты наукæйы, ахуырады, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Еленæ Князева**. Фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тускъаты Таймуразмæ, Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимурмæ**, Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæмæ**.



Реуазты Ларисæ ма ныхас кодта «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы сывæллæтты фæлладуагъды, дзæбæх сæ кæныны æмæ сын куысты бынæттæ аразыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты фæдыл. Документ фидар кæны, царды зын уавæрты чи бахауад, уыцы сывæллæтты бартæ сæ фæллад уадзыны, се 'нæниздзинад сын хъахъхъæнын æмæ сæ дзæбæх кæныны, стæй, цæрынхъом цæмæй уой, уый тыххæй сын куысты бынæттæ аразыны тыххæй.

Уымæй уæлдай, Реуазты Ларисæ æркæсынмæ бавдыста «Сывæллонджын бинонтæн паддзахадон æххуысы уæлæмхасæн мадзæлтты тыххæй» федералон закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» федералон закъоны проект. Ныхас дзы цæуы ныййарæджы (бинонты) капитал фæфылдæр кæныныл. Закъон фидаргонд куы 'рцæуа, уæд 2025 азы 1 февралæй фæстæмæ ныййарæджы капитал фыццаг сывæллонæн уыдзæн 756 мин сомы, дыккаджы тыххæй – 1 милуан сомы, æртыккаджы тыххæй бафыст дæр цы хуызы лæвæрд цæудзæн, уыцы уагæвæрдтæ дæр дзы бæлвырдгонд цæуынц.

Закъонты проектты фæдыл ма æмбырды ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Черчесты Аслан, Хæдарцаты Аслæнбег, Остъаты Георги, Качараты Олег, Киситы Мурат**.

Парламент йæ раздæры æмбырдты цы хъусынгæнинæгтыл æрдзырдта, се 'хсæн – 2023 азы республикæйы Мидхъуыддæгты министрады архайды, стæй 2023 азы Алагиры, Горæтгæрон æмæ Рахизфарсы муниципалон районты социалон-экономикон рæзты тыххæй дзуаппон ныхæстæ – уыдоны фæдыл рахаста æмбæлгæ уынаффæтæ. Ныхас сыл кодта Черчесты Аслан.

Парламенты закъонæвæрынадон пъланмæ, стæй иуæй-иу комитетты скондтæм советы уæнгтæ бахастой ивддзинæдтæ æмæ снысан кодтой Парламенты дыууын цыппæрæм æмбырды боны фæтк æмæ йæ саразыны æмгъуыд.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Пресс-конференци**

# Ныхас – ахсджиаг фарстатыл

**Радон пресс-конференцийы журналистты фарстытæн дзуапп лæвæрдтой РЦИ-Аланийы экономикон рæзты министры фыццаг хæдивæг Олег БЫКАДОРОВ æмæ министры хæдивæг ТУАТЫ Георги.**

– Экономикон рæзты министрады размæ бирæ нысантæ æвæрд ис, уыдонæй сæйрагдæр – нæ республикæйы социалон-экономикон хъомыс фæбæрзонддæр кæнын. Ныртæккæ куыст цæуы регионы райрæзты ног стратегийыл, фылдæр æргом здæхт уыдзæн экономикон æмæ социалон фарстатæм.

Фидаргонд æрцыдысты егъау инвестицион 54 проекты. Уыдонæй аст ныридæгæн царды уагъд цæуынц, сæ фæрцы фæзынд мин адæймагæн куысты бынæттæ, æфтиæгтæ æрбахастой 16,1 миллиард сомы. Иумæйагæй – проекттæй инвестицитæ æрбафтдзæн 89,1 миллиард сомы æмæ 8 мин куысты бынаты, – загъта Олег Быкадоров.



Уацхæсджыты фарстытæн дзуаппытæ дæттгæйæ, министры хæдивæг дзырдта куысты бæрæггæнæнтыл æмæ фидæны нысантыл. Министрад кæддæриддæр фæархайы бирæ форумты æмæ равдыстыты. Уыдонæй æппæты зындгонддæр форум «Россия» адард кодтой 8 июлы онг. Иумæйагæй архайд цæуы, цæмæй нæ равдыст аив æмæ зæрдæмæдзæугæ рауайа, ууыл.

Кавказы æмæ Бетъырбухы инвестицион форумты фæзуæтты цы проекттæ æвдыст æрцæудзысты, уый тыххæй та радзырдта Туаты Георги. Баст сты нæ республикæйы агропромышленнон къабазимæ, туризм æмæ логистикæимæ. Уыдонæй хицæн егъау проект у туристон комплекс «Мамысон».

– Ныридæгæн æнтыстджын куыст цæуы хъæрмуæтты арæзтады. Дзæуджыхъæумæ æрбацæуæны 60,2 гектары фæзуатыл æмбырд кæнынц, нырыккон технологитæй кæм пайда кæндзысты, ахæм комплекс. Йæ амидингæнджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй проекты аргъ у 16 – 18 миллиард сомы.

Нырыккон дыргъцæхæрадæттæ «Казачий хутор» иу мин гектарыл æрзайын кодтой 25 мин тоннæйы фæткъуыйы тыллæг. Æмæ уый у, сæ хъаруты рæстæмбис. Дыууæ-æртæ азы фæстæ сæ тыллæг уыдзæн 50 мин тоннæйы æмæ йæ бафснайынæн куыстуаты кæрты сарæзтой уазалгæнæнтæ, æмæ фæткъуыйы 300 килограммы кæм цæуы, пластикæй ахæм къоппытæ аразæн цех.

Балергæсаджы куыст парахат кæны Ирыстоны. Уымæн нæм ис хорз æрдзон уавæртæ, сыгъдæг суадæттæ. Инвестицион проект «Остров Аквакультурæ»-йы аргъ у иу миллиард сомы. Наукæйы бындурыл кæндзысты кæсаджы куыст. Уымæй уæлдай ма, цы районы æрбынæттон сты, уым кæнынц социалон бирæ лæггæдтæ, – фæнысан кодта Туайы-фырт.

Дарддæр йæ ныхас уыд, Чмимæ хæстæг логистикон центр «Южные ворота»-йы арæзтадыл. Æрбынæттон уыдзæн æртæ гектары фæзуатыл. Ацы инвестицион проекттæ сты æнæмæнгхъæугæ, уымæн æмæ адæмæн пайда æмæ удæнцойдзинад хæссынц.

Лыггæнинаг фарстатæй иу у кадавардзинад. Нæ фаг кæны хъæугæ специалисттæ, уæлдайдæр та фæлтæрддзинад кæмæ ис, ахæмтæ. Уый тыххæй ведомствæ æмгуыстад кæны РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрадимæ, стæй Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны комитетимæ.

Пресс-конференцийы ма ныхас кодтой æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ЦÆГÆРАТЫ Жаннæ**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты дыууын цыппæрæм æмбырд уыдзæн 2024 азы 23 апрелы 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2024 азы 23 апрелы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары бацæуæны.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**

## Дзырды фарн

*Адæймаг йæ зæрдæ*
*исты хорздзинадыл куы дара,*
*уæд æм ныфс дæр ис.*

*БОЦИТЫ Барон*

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **19 апрелы,** уыдзæн асæст, ранæйрæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **17-25 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,36

Хурыскаст — 05,12
Хурныгуылд — 18,48

Валютæйы аргъ

Доллар — 93,95
Евро — 100,34

12 +

Ахуырад

# Фармацевтты цæттæ кæндзысты

**Ацы аз ахуырадмæ исыны афон Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы ногдзинæдтæ фæзындзысты.**

Академи фыццаг хатт «Фармаци»-йы дæсныйадмæ гæсгæ астæуккаг профессион ахуырад райсынæн абитуриентты ахуыны ахуыры аз фыццаг хатт «Пластикон хирурги»-йы дæсныйадмæ гæсгæ ординатурæмæ ахуыр кæнынмæ адæмы исдзысты,



радмæ исдзæн. Ахуыргæнæндон кæй бацæттæ кæна, уыцы фармацевттæ кусдзысты фармацевтон æмæ хосаразæг кусæндæтты, стæй афтекты. «Фармаци»-йы дæсныйадмæ гæсгæ ахуырадрайсæг адæмæн фæллойы базары ис бирæ кусæн бынæттæ.

Уымæй уæлдай, фидææмæ афтæмæй нæхи медицинон академийы дипломджын пластикон хирургтæ ахуырад кæмæн амоной, фæзындзысты нæм ахæм хъæугæ специалисттæ.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы пресс-службæ**

Социалон фондæй

# Сывæллонмæ зилынæн

**Афæдз æмæ ’рдæг кæуыл нæма сæххæст, закъонмæ гæсгæ, ахæм сывæллонмæ зилыны фæдыл фидгæ отпусчы ацæуыны бар ис канд мадæн нæ, фæлæ фыд æмæ сабимæ æцæг уагæй зилæг иннæ кусæг хиуæттæм дæр.**



Зæгъæм, фыдтæ сæхимæ сывæллонмæ зилыны фæдыл хæстæ куы райсынц, Цæгат Ирыстоны вæййынц ахæм цаутæ дæр. Фарон – 25, ацы азы райдайæнæй нырмæ та 5 нæлгоймаджы сарæзтой декретон отпусчы ацæуыны фæдыл гæххæттытæ. Афæдз æмæ ’рдæг кæуыл нæма сæххæст, ныртæккæ, æмткæй райсгæйæ, 30 цæгатирыстойнаг нæлгоймаджы сты ахæм сабимæ зилыны фæдыл отпусчы.

– Уæвæн ис, æмæ нæлгоймагмæ декретон отпускæн гæххæттытæ саразыны фæндон сæвзæрдзæн царды алыхуызон уавæрты. Фыд цалынмæ отпусчы ис, уæдмæ йын йæ куысты бынат бахъахъхъæнынц æмæ йын декреты рæстæг фæллойадон стажмæ бахæссынц. Адæймагæн ис декретон отпускæй æххæстæй, науæд та хайгай спайда кæныны бар – æнцондæр дын куыд уыдзæн, афтæ. Уымæй уæлдай, фыдмæ ис пособи исыны æмæ уыцы-иу рæстæг æнæххæст кусгæ бон фæллой кæныны бар, – зæгъы Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Таболты Сергей.**

Сывæллонмæ зилыны фæдыл пособийы бæрц хæццæ кæны раздæры дыууæ къæлиндарон азы тыххæй рæстæмбис мызды 40 процентмæ. Зæгъæм, отпуск ацы аз кæд райдайа, уæд нымайынц æндæразы æмæ фароны рæстæмбис мызды бæрц.

**Фиппаинаг:** амынд пособийы бæрц федералон закъоны фидаргонд тæккæ къаддæр бæрцæй къаддæр хъуамæ ма уа. Ацы аз Цæгат Ирыстоны тæккæ къаддæр бæрц у 9227,24 сомы. Пособиисджытæн раздæры мæйы тыххæй фæрæзтæ барвитынц алы ныры мæйы 9-æм боны агъоммæ.

**Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт-центр: 8-800-100-00-01.**

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

Æхсызгон фембæлд

# «Туркæй Теркмæ...»



**Турчы цæрæг ирæтты æхсæнад «Алан»-ы минæвæрттæ ныр цалдæр боны уазæгуаты сты Цæгат Ирыстоны. Сæ фыдæлтæ Туркмæ афтыдысты XIX æнусы, фæлæ уæддæр сæ къухы бафтыд ирон æгъдау æмæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæнын. Нæ сивтой сæ зæрдæтæ сæ фыдæлты райгуырæн зæххыл. РЦИ-Аланийы Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты уыдон фембæлдысты, ирон æвзаг æмæ нæ фыдæлты æгъдæуттæ бахъахъхъæнынил зæрдиагæй чи архайы, уыдонимæ.**

– Хъыгагæн, не ’взаг, нæ культурæ, нæ истори, нæ ирон æгъдау фыддæрæй-фыддæрмæ цæуынц, æмæ не ’ппæт дæр уыцы хъуыддагыл тыхсæм. Фæлæ, Хуыцауæй бузныг, табу Хуыцауæн, ис ма нæм ахæм адæм, йе ’взаг æмæ йæ культурæйыл, йе ’гъдæуттыл йæ дзыппæй раздæр чи мæт кæны. Гъемæ мах, Турчы цæрæг ирæтты æхсæнад «Алан», сбæрæг кодтам уыцы адæмы, æмæ сын нæ зæрды ис раарфæ кæнын. Нæ сæртæй сын ныллæг кувæм. Уыдон нæ истори, культурæ æмæ æгъдæуттæ хъахъхъæнынц æмæ сын сцæттæ кодтам сæрмагонд майдантæ, – загъта Турчы цæрæг ирæтты æхсæнад «Алан»-ы сæрдар **Хъуысаты Садреттин.**

Кадджын хæрзиуæгæй хорзæхгонд æрцыдысты нæ республикæйы раздæры Сæргълæууæг **Битарты Вячеслав**, УФ-йы культурæйы сгуыхт кусæг, продюссер æмæ режиссер, «Нарт-Арт студи»-йы директор **Туаты Теминæ**, газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редактор **Фидараты Юрий**, литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор **Хетæгкаты Оксанæ**, газет «Дигорæ»-йы сæйраг редактор **Сакъиты Эльбрус**, нывгæнæг-моделер, чындздзон æмæ национ дарæсы зындгонд хуыйæг **Годжыцаты Изольдæ**, уæрæсейаг историк-кавказиртасæг æмæ æхсæнадон архайæг, историон наукæты доктор, профессор **Бзарты Руслан**, Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон театры аивадон разамонæг **Уалыты Гиви**, РЦИ-Аланийы паддзахадон ансамбль «Алан», Цæгат Ирыстоны базарадон-экономикон колледжы директор **Æбиты Валери**, РЦИ-Аланийы Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор **Хъаныхъуаты Зæлинæ** æмæ иннæтæ.

Ирыстонимæ бастдзинад кæй нæ сафынц, сæ хистæрты æгъдæуттыл сæ зæрдæтæ кæй нæ сивтой, ирон ныхасы фидæныл кæй тыхсынц, уый нын ныфс дæтты, иумæ нæ ирондзинад, не ’гъдæуттæ, нæ мадæлон æвзаг æмæ нæ фыдæлты фарн кæй бахъахъхъæндзыстæм, уымæн.

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

Барадон фæтк

# Коррупцион фыдракæнд раргом...

**Сæрмагонд оперативон-агурæн мадзæлттæ саразгæйæ, Æдасдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы службæгæнджытæ рабæрæг кодтой коррупцион фæзындтытимæ баст фыдракæнд.**

Ахæм æнæзакъон архайдæй управленийы слестгæнджытæ зылын кæнынц Дзæуджыхъæуы мидхъуыддæгты управленийы 3-æм хайады миграцийы фарстаты фæдыл инспектор æмæ хистæр инспекторы.

Афтæ, оперативон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, гуырысхойæгтæ, рагагъоммæ баныхас кæнгæйæ, фæсарæйнаг бæстæтæй иуы цæрæгæй гæртам бадомдтой 20 мин сомы бæрцæй. Ахæм «аргъ» инспектортæ сæвæрдтой амынд адæймаджы Уæрæсейы Федерацийы регистраци скæнын æмæ йын нæ бæстæйы фæллойадон архайд кæнынæн бардæттæг гæххæттытæ саразыны хъуыддагæн.



Æдасдзинады федералон службæйы оперативон кусджыты æрмæджыты бындурыл УФ-йы Слестгæнæг комитеты цæгатирыстойнаг управлени дыууæ пъæлицæйаджы ныхмæ сарæзта уголовон хъуыддаг. Уыимæ, тæрхондоны уынаффæйæ гуырысхойæгтæй иуы бакодтой слестгæнæн изоляторы, иннæмæн та сæвæрдтой хæдзармæ ахсты фæтк.

Слестгæнджытæ иртасынц фыдракæнды æппæт æууæлтæ дæр.

**УФ-йы Æдасдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы пресс-службæ**

Алфамбылай æрдз

# Зынгсирвæзтæй бахизынæн

**Национ проект «Экологи»-мæ хауæг федералон проект «Хъæд бахъахъхъæнын»-мæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны æххæстгонд цæуы хъæд ногæй ныссадзынæн фæз-уæттæ фæфылдæр кæныны фæдыл мадзæлттæ.**



Ныртæккæ нæ республикæйы хъæддарды сæйраг хæс у хъæд зынгсирвæзтæй бахъахъхъæнын (Гидрометеорологийы цæгаткавказаг управленийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, рæхджы Цæгат Ирыстоны хъæдæн зынгсирвæзтытæй тæссаг кæй уыдзæн, уæлдайдæр та уый нымайгæйæ).

Хъæд зынгсирвæзтæй бахизынмæ арæзт пълангонд мадзæлттæ афоныл æмæ нывыл уагæй æххæстгонд цæуынц æви нæ, Цæгат Ирыстоны Æрдзон авналæнтæ æмæ экологийы министрады æмæ хъæууон районты администрациты кусджытæ, стæй барадхъахъхъæнджытæ уый бæлвырд кæнынц, стæй хицауады æвастæй фæсалсудзæг адæймæгты агурынц.

– Уæрæсейы Президент æмæ Хицауад алы регионæн дæр кæй сфидар кодтой, нæ хæс у æрвылаз хъæды зынгсирвæзтыты фæзуат фæкъаддæр кæныны фæдыл уыцы бæрæггæнæнтæ æххæст кæнын. Цæгат Ирыстон кæй æххæст кæны, хъæд зынгсирвæзтытæй бахизыны фæдыл уыцы мадзæлтты: ома, видеоцæстдарды фæрцы зынгсирвæзты артдзæст рæвдз рабæрæг кæныны, хъæды рад хæссыны æмæ зынгсирвæзт йæ райдайæны ахуыссын кæныны фæрцы фæстаг цалдæр азы дæргъы нæ регионы хъæды зынгсирвæзтытæ нæ уыдис. Национ проект «Экологи»-мæ гæсгæ кæй балхæдтам, ныртæккæ нæ хъæды зынгхуыссынгæнджытæм ис бирæ ахæм нырыккон ифтонггæрзтæ, – зæгъы амынд министрады разамонæг **Бæззаты Вадим.**

**Фиппаинаг:** æмбарынгæнæн куыст парахатæй æххæстгонд кæй цæуы, уый руаджы фарон 13 уæрæсейаг регионы (адоны ‘хсæн – Цæгат Ирыстон дæр) хъæды зынгсирвæзтытæ нæ уыдис.

**Нæ уацхæссæг**

# Æнæмæлгæ полкъ





БУТАТЫ Æхсар



ХОЗИТЫ Дзамболат



ЦÆЛЛАГТЫ Иван



ЦГЪОЙТЫ Петр



ЦГЪОЙТЫ Дати



ГÆЗЗАТЫ Иракли



ГÆЗЗАТЫ Максим



ГÆЗЗАТЫ Михал



ЦÆЛЛАГТЫ Хъасболат



ЦÆЛЛАГТЫ Зауырбег



ЦÆЛЛАГТЫ Владимир



ЦÆЛЛАГТЫ Хасанбег

# Программа телепередач с 22 по 28 апреля

## 22 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "По законам военного времени. Битва за Ростов" 12+
23.00 Большая игра 16+
00.00 Х/ф "Обыкновенный фашизм-2" 18+
01.05, 01.50, 02.35, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Ангелы района" 16+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Тайны следствия" 16+
03.40 Т/с "Версия" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" канал "Россия 24"**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.55 Т/с "Легавый" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.00 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Горячая точка" 16+
23.00 Т/с "Слово пацана. Кровь на асфальте" 18+
00.30 Т/с "Военная полиция" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.00, 06.40, 07.20, 08.05, 03.55, 04.35 Т/с "Акватория" 16+
08.55 Знание-сила 0+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05 Т/с "Застава" 16+
13.30, 14.30, 15.25, 16.30, 17.30 Т/с "Морские дьяволы-3" 16+
18.00, 18.55, 19.45, 20.40, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25, 00.30 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+
22.20, 23.10, 01.15, 02.00 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.30 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.10 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
08.40 Х/ф "Не ждали, не гадали?" 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.10 Д/ф "Путь артиста. Александр Ведерников" 16+
12.00 Д/ф "Ростов-на-Дону. Особняки Парамоновых" 16+
12.45 Новости. Подробно. Арт 16+
13.00 Д/ф "Три тайны адвоката Плевако" 16+
13.30 Х/ф "Крым небесный" 16+
15.00 Линия жизни 16+
15.55 Агора. Ток-шоу с Михаилом Швыдким 16+
17.15 Рассказы из русской истории 16+
18.30 Д/ф "Александр Ширвиндт. Ушедшая натура" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Семинар 16+
20.45 Д/ф "Михаил Мещеряков. Монумент" 16+
21.40 Сати. Нескучная классика... 16+
22.25 Х/ф "Гардемарины, вперед!" 0+
00.05, 00.25, 00.45 Т/с "Порус" 16+
02.00 Симфонические Оркестры России. Московский государственный академический симфонический оркестр 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Игра миллионов 12+
06.30 Все о главном 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.55, 16.45 Новости
07.05, 21.30, 23.45 Все на Матч! 12+
10.05 Лица страны. Максим Опалев 12+
10.25 Бокс. Чемпионат Европы. Трансляция из Сербии 16+
11.25 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! 12+
14.25 Футбол. Журнал Лиги чемпионов 6+
15.00 Дартс. OLIMPBET Международная лига. Тур 4. Прямая трансляция из Москвы
16.50 Громко 12+
18.00 Магия большого спорта. Хоккей 12+
18.30 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. Кубок Гагарина. "Локомотив" (Ярославль)-"Металлург" (Магнитогорск). Прямая трансляция
21.40 Футбол. Чемпионат Италии. "Милан"-"Интер". Прямая трансляция
00.30 Аквабайк. Чемпионат мира. Гран-при Вьетнама 6+
01.00 Лига героев 12+
02.00 Мини-Футбол. ПАРИ-Суперлига. "Торпедо" (Нижний Новгород)-"Ухта" 0+
03.55 Новости 0+
04.00 Смешанные единоборства. АСА. Олег Борисов против Павла Витрука. Трансляция из Санкт-Петербурга 16+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 "Хорошо смеемся". Юмористический концерт 12+
08.55 Х/ф "Нераскрытый талант" 12+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50 Х/ф "Старая гвардия" 12+
13.45, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00, 03.35 Х/ф "Сельский детектив. Дикая роза" 12+
16.55 Д/ф "Звездная пыль в глаза" 16+
18.05, 20.00 Х/ф "Некрасивая подружка" 12+
22.35 Специальный репортаж 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.35, 05.05 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф "90-е. "Крыша" для артиста" 16+
01.35 Д/ф "Азиза. Проклятие Игоря Талькова" 16+
02.15 Д/ф "Актерские драмы" 16+
02.55 Д/ф "Черная магия империи СС" 12+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.25, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.25, 02.45 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.15 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.45, 00.25 Д/с "Порча" 16+
12.55, 01.25 Д/с "Знахарка" 16+
13.30, 01.55 Д/с "Верну любимого" 16+
14.05, 02.20 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.40 Д/с "Кризисный центр" 16+
19.00 Х/ф "Королева танца" 16+
04.25 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.10 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.00 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Пылающее море" 16+
22.00 Смотреть всем! 16+
23.30 Документальный спецпроект 16+
00.30 Х/ф "Эмпайр Стэйт" 18+

### СТС
06.00 Ералаш 6+
06.30 М/ф "Маша и медведь" 0+
08.00 Безумные изобретения 12+
08.25 Шоу уральские пельмени 16+
10.35 Х/ф "Бесконечная история. Альбион" 12+
12.40 Х/ф "Бриллиантовый полицейский" 16+
14.40, 19.30, 20.00, 20.30 Т/с "Папины дочки. Новые" 12+
21.00 Х/ф "Люди в черном" 16+
23.00 Х/ф "Такси-4" 16+
00.45 Х/ф "Королевы школы. Мюзикл" 18+
03.00 Т/с "Выжить после" 16+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00 Сокровища императора 16+
12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00 17.30 Т/с "Интерны" 16+
18.00, 19.00 Т/с "Полицейский с Рублевки" 16+
20.00, 20.30, 21.00 Т/с "Очевидное невероятное" 16+
21.30, 22.30 Однажды в России 16+
23.30 Это нормально? 18+
00.30 Новая фабрика звезд 16+
02.05 Новая фабрика звезд. Дневники 16+

## 23 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "По законам военного времени. Битва за Ростов" 12+
23.00 Большая игра 16+
00.00 Д/ф "Владимир Высоцкий. "Я вышел на подмостки..." 16+
01.00 Д/ф "Юрий Любимов. Человек века" 12+
01.55, 02.40, 03.05, 03.55 Подкаст. Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Ангелы района" 16+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Тайны следствия" 16+
03.40 Т/с "Версия" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" канал "Россия 24"**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.55 Т/с "Легавый" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.00 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Горячая точка" 16+
23.00 Т/с "Слово пацана. Кровь на асфальте" 18+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.35, 06.10, 06.50, 07.30, 04.30 Т/с "Акватория" 16+
08.20 Страна советов 16+
08.55, 12.55 Знание-сила 0+
09.30, 10.20, 11.15, 12.00 Т/с "Застава" 16+
13.30, 14.30, 15.30, 16.30, 17.30 Т/с "Морские дьяволы-4" 16+
18.00, 18.55, 19.45, 20.40, 02.40, 03.15, 03.50 Т/с "След" 16+
21.25, 00.30 Т/с "Великолепная пятерка-6" 16+
22.20, 23.10, 01.15, 02.00 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф "Колонна для Императора" 16+
08.25 Д/ф "Первые в мире". "Боевая ракета Засядко" 16+
08.40, 22.25 Х/ф "Гардемарины, вперед!" 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10, 01.05 Д/ф "Валерий Золотухин. В свободное от работы время" 16+
11.50 Д/ф "Тагефон, или Смерть "великого немого" 16+
12.45 Новости. Подробно. Книги 16+
13.00 Игра в бисер 16+
13.45, 14.05, 14.25, 00.05, 00.25, 00.45 Т/с "Порус" 16+
14.50 Д/ф "Михаил Мещеряков. Монумент" 16+
15.45 Сати. Нескучная классика... 16+
16.30 Эрмитаж 16+
17.15 Симфонические Оркестры России. Московский государственный академический симфонический оркестр. Дирижер Д.Ботинис 16+
17.55 Д/ф "Ростов-на-Дону. Особняки Парамоновых" 16+
18.30 Д/ф "Александр Ширвиндт. Ушедшая натура" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Семинар 16+
20.45 Спокойной ночи, малыши!
21.00 Искусственный отбор 16+
21.40 Белая студия 16+
01.45 Симфонические Оркестры России. Симфонический оркестр Мариинского театра. Дирижер В.Гергиев 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Игра миллионов 12+
06.30 Наши иностранцы 12+
07.00, 10.00, 12.55, 14.55, 16.45 Новости
07.05, 16.50, 21.15, 00.00 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.25 Бокс. Чемпионат Европы. Трансляция из Сербии 16+
11.25 Бокс. Bare Knuckle FC. Джеймс Лилли против Франко Тенальи. Трансляция из Великобритании 16+
13.00 Есть тема! 12+
14.25 Что за спорт? 12+
15.00 Дартс. Чемпионат России. Прямая трансляция из Москвы
17.45 Д/ф "Марадона. Лучший в истории" 12+
18.50 Хоккей. OLIMPBET Чемпионат МХЛ. Кубок Харламова. "СКА-1946" (Санкт-Петербург)-"Локо" (Ярославль). Прямая трансляция
22.15 Профессиональный бокс. Мэнни Пакьяо. Лучшее 16+
00.30 Аквабайк. Чемпионат мира. Гран-при Вьетнама 6+
01.00 Лига героев 12+
02.00 Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Женщины. Финал. "Локомотив" (Калининградская область)-"Динамо-Ак Барс" (Казань) 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. 1/4 финала. ЦСКА-"Енисей" (Красноярск) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.45 Х/ф "Нераскрытый талант" 12+
10.40 Д/ф "Актерские драмы. Вредные родители" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50 Х/ф "Старая гвардия" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00 Х/ф "Сельский детектив. Конус географический" 12+
16.55 Д/ф "Охотницы на миллионеров" 16+
18.05, 20.00 Х/ф "Некрасивая подружка" 12+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф "Позднее отцовство" 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.35, 05.05 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф "Дорогие товарищи. Дело манекенщицы" 16+
01.35 Хроники московского быта 12+
02.15 Д/ф "Актерские драмы" 16+
02.55 Д/ф "Маршал Жуков. Первая победа" 12+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.45 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.15 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.45, 00.25 Д/с "Порча" 16+
12.55, 01.25 Д/с "Знахарка" 16+
13.30, 01.55 Д/с "Верну любимого" 16+
14.05, 02.20 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.40 Д/с "Кризисный центр" 16+
19.00 Х/ф "Королева танца" 16+
04.25 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.20 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.10 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Сердце из стали" 16+
22.05 Смотреть всем! 16+
23.30 Знаете ли вы, что? 16+
00.30 Х/ф "Ледяной" 18+

### СТС
06.00 Ералаш 6+
06.30 М/ф "Маша и медведь" 0+
08.00, 17.55, 19.30, 20.00 Т/с "Папины дочки. Новые" 12+
09.35 Уральские пельмени. Смехbook 16+
10.00 М/ф "Мы-монстры-2" 6+
12.00 Х/ф "Юный вождь Виннету" 6+
14.05 Х/ф "Мэдисон. Крепкая дружба" 12+
15.55 М/ф "Мирай из будущего" 6+
20.30 Х/ф "Люди в черном-2" 16+
22.10 Х/ф "Репродукция" 16+
00.20 Х/ф "Миссия невыполнима" 16+
02.25 Т/с "Выжить после" 16+
04.45 Мультфильмы 16+
05.50 Ералаш 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30 Т/с "Интерны" 16+
18.00, 19.00 Т/с "Полицейский с Рублевки" 16+
20.00, 20.40, 21.05 Т/с "Очевидное невероятное" 16+
21.35, 22.35 Однажды в России 16+
23.30 Это нормально? 18+
00.30 Новая фабрика звезд. Дневники 16+
01.00 Х/ф "Зеленая книга" 16+
02.55 Я тебе не верю 16+
03.45, 04.30 Импровизация. Команды 16+
05.20, 06.05 Студия Союз 16+
06.50 Импровизация 16+

## 24 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "По законам военного времени. Битва за Ростов" 12+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Ангелы района" 16+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Тайны следствия" 16+
03.40 Т/с "Версия" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" канал "Россия 24"**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.55 Т/с "Легавый" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.00 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Горячая точка" 16+
23.00 Т/с "Слово пацана. Кровь на асфальте" 18+
00.30 Т/с "Военная полиция" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.30, 06.05, 06.40, 07.20, 08.05 Т/с "Акватория" 16+
08.55 Знание-сила 0+
09.30, 10.20, 11.15, 12.05 Т/с "Застава" 16+
13.30, 14.30, 15.25, 16.30, 17.30 Т/с "Морские дьяволы-4" 16+
18.00, 18.55, 19.45, 20.40, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25, 22.20, 23.10, 00.30, 01.20, 02.05 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
04.00, 04.45 Т/с "Охотник за головами" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф "Скажи мне, Новгород..." 16+
08.30 Д/ф "Первые в мире". "Царь-танк Николая Лебеденко" 16+
08.45, 22.25 Х/ф "Гардемарины, вперед!" 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.05 XX Век. "Творческий вечер композитора Яна Френкеля" 16+
12.45 Новости. Подробно. Кино 16+
13.00 Искусственный отбор 16+
13.45, 14.05, 14.25, 00.05, 00.25, 00.45 Т/с "Порус" 16+
14.45 Д/ф "Иван Ефремов. Фантастика реальности" 16+
15.30 Д/ф "Забытое ремесло". "Фонарщик" 16+
15.45 Белая студия 16+
16.30 Библейский сюжет 16+
17.15 Симфонические Оркестры России. Симфонический оркестр Мариинского театра. Дирижер В.Гергиев 16+
18.30 Д/ф "Александр Ширвиндт. Ушедшая натура" 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Семинар 16+
20.45 Спокойной ночи, малыши!
21.00 Абсолютный слух 16+
21.40 Власть факта. "Семилетняя война" 16+
02.15 Д/ф "Тагефон, или Смерть "великого немого" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Игра миллионов 12+
06.30 Что за спорт? 12+
07.00, 10.00, 16.45 Новости
07.05, 16.50, 23.00 Все на Матч! 12+
10.05, 15.15 Специальный репортаж 12+
10.25 Бокс. Чемпионат Европы. Трансляция из Сербии 16+
11.25, 00.30 Вид сверху 12+
11.55 Футбол. МЕЛБЕТ-Первая Лига. "СКА-Хабаровск"-"Родина" (Москва). Прямая трансляция
14.00 Есть тема! 12+
15.35 Профессиональный бокс. Костя Цзю против Джесси Джеймса Лейха. Трансляция из Австралии 16+
16.10 Профессиональный бокс. Артуро Гатти против Флойда Мейвезера. Трансляция из США 16+
17.45 Футбол. МИР Российская Премьер-лига. "Пари НН" (Нижний Новгород)-"Локомотив" (Москва). Прямая трансляция
20.15 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. "Зенит" (Санкт-Петербург)-"Рубин" (Казань). Прямая трансляция
00.00 Матч! Парад. Лучшие голы 6+
01.00 Лига героев 12+
02.00 Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Мужчины. Финал 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. 1/4 финала. "Локомотив-Кубань" (Краснодар)-"ПАРМА" (Пермский край) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.45 Х/ф "Нераскрытый талант-2" 12+
10.45, 02.15 Д/ф "Актерские драмы" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50 Х/ф "Старая гвардия. Прощальная вечеринка" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00, 03.35 Х/ф "Сельский детектив. Кино по-ольховски" 12+
16.55 Д/ф "Богини фотошопа" 16+
18.05, 20.00 Х/ф "Некрасивая подружка" 12+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта 16+
00.00 События. 25-й час 16+
00.35, 05.05 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф "Русские тайны. Эликсир бессмертия" 16+
01.35 Знак качества 16+
02.50 Д/ф "Признания нелегала" 12+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.50 Тест на отцовство 16+
10.45, 23.25 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.50, 00.30 Д/с "Порча" 16+
13.00, 01.30 Д/с "Знахарка" 16+
13.35, 02.00 Д/с "Верну любимого" 16+
14.10, 02.25 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.45 Д/с "Кризисный центр" 16+
19.00 Х/ф "В двух шагах от счастья" 16+
04.30 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.15 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00, 23.30 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Д/с "Легенды и мифы" 16+
17.00, 03.05 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "2012" 16+
00.30 Х/ф "16 кварталов" 16+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.30 М/ф "Маша и медведь" 0+
08.00, 18.30, 19.30, 20.00 Т/с "Папины дочки. Новые" 12+
09.00 Уральские пельмени. Смехbook 16+
09.20 М/ф "Огрики" 6+
11.05 Х/ф "Мэдисон. Крепкая дружба" 12+
12.55 Х/ф "Деревенские крокодилы" 12+
14.55 Х/ф "Деревенские крокодилы-2" 16+
16.45 Х/ф "Деревенские крокодилы-3" 12+
20.30 Х/ф "Люди в черном-3" 16+
22.35 Х/ф "Ева. Искусственный разум" 16+
00.35 Х/ф "Сделано в Италии" 16+
02.15 Т/с "Выжить после" 16+
04.35 6 кадров 16+
04.45 Мультфильмы 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30 Т/с "Интерны" 16+
18.00, 19.00 Т/с "Полицейский с Рублевки" 16+
20.00, 20.30, 21.00 Т/с "Очевидное невероятное" 16+
21.30, 22.30 Однажды в России 16+
23.30 Это нормально? 18+
00.30 Новая фабрика звезд. Дневники 16+
01.00 Х/ф "Большая игра" 18+
03.10 Я тебе не верю 16+
03.55, 04.45 Импровизация. Команды 16+
05.40, 06.30 Импровизация 16+

## 25 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "По законам военного времени. Битва за Ростов" 12+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 00.45, 01.30, 02.15, 03.05, 03.55 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Ангелы района" 16+
23.25 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
02.05 Т/с "Тайны следствия" 16+
03.40 Т/с "Версия" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" канал "Россия 24"**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
04.55 Т/с "Легавый" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.00 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с "Горячая точка" 16+
23.00 Т/с "Слово пацана. Кровь на асфальте" 18+
00.30 Поздняков 16+
00.45 Т/с "Военная полиция" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.00, 06.55, 04.00, 04.40 Т/с "Охотник за головами" 16+
07.55, 09.30, 10.00, 11.05, 12.00 Х/ф "Сильнее огня" 16+
08.35 День ангела 0+
13.30, 14.35, 15.30, 16.30, 17.30 Т/с "Морские дьяволы-4" 16+
18.00, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25, 22.20, 23.10, 00.30, 01.15, 02.05 Т/с "Великолепная пятерка-5" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.05 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф "Архипелаг Земля" 16+
08.25 Д/ф "Первые в мире". "Электромобиль Романова" 16+
08.40, 22.25 Х/ф "Гардемарины, вперед!" 0+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
